

# Prevansyon kont Kansè nan Kolon | Fòm Evalyasyon ak Depistaj Risk yo

Enstriksyon pou Pasyan an 1. Ranpli fòm sa a. 2. Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou risk ak chwa depistaj ou genyen yo.

## Enfòmasyon sou Pasyan an

Ki laj ou? \_\_\_\_\_ Ou fè yon tès Depistaj pou Kansè nan Kolon deja?  Non  Mwen pa konnen  Wi

Si se wi,

Ki fason yo te fè depistaj la pou ou?  Kolonoskopi  Tès yo fè ak poupou (tès poupou)  Lòt \_\_\_\_\_

Ki lè yo te fè dènye depistaj la pou ou?  sa genyen mwens pase yon lane  Sa genyen ant yonn (1) ak nèf (9) lane  
 Sa genyen 10 lane oubyen sa genyen plis pase 10 lane.

## Kesyon sou risk yo

### Antesedan Depistaj:

- Èske yo janm fè yon tès pou yo wè si ou genyen kansè nan gwo trip oubyen pou yo wè si ou genyen kansè nan rektòm?  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Èske yo janm jwenn yon polip nan gwo trip ou oubyen nan rektòm ou?  Non  Mwen pa konnen  Wi

### Sentòm:

Èske ou janm genyen youn nan sentòm sa yo?

- Rektòm ou ap bay san oubyen genyen san nan poupou ou  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Genyen chanjman nan lè ou ap poupou tankou konstipasyon san rete, dyare souvan oubyen kalite poupou a chanje  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Èske ou ap pèdi pwa san ou pa konnen sa ki fè sa?  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Èske ou genyen doulè nan vant oubyen rektòm ou ap fè ou mal san rete?  Non  Mwen pa konnen  Wi

### Antesedan Pèsonèl ak Antesedan Familyal:

Èske ou te janm resevwa yon dyagnostik:

- Trip Anfle  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Maladi Crohn  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Fibwoz Sistik  Non  Mwen pa konnen  Wi

Èske yo janm fè tès pou paran biyolojik ou, pou frè/sè w oubyen pou pitit ou ki bay dyangnostik:

- Polipoz Kolik Familyal (Familial adenomatous polyposis, FAP)?  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Kansè kolon ki ereditè ki pa polipoz (HNPCC) oswa sendwòm Lynch  Non  Mwen pa konnen  Wi
- Kansè nan kolon, kansè nan rektòm, oubyen polip nan kolon oubyen nan rektòm?  Non  Mwen pa konnen  Wi

Si se wi,

Ki fanmi li (yo) ye?  Paran Biyolojik  Frè/Sè Biyolojik  Pitit biyolojik  Mwen pa konnen  
A ki laj yo te fè tès la? \_\_\_\_\_

Pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou kansè nan kolon:

Ale sou sitwèb [nyc.gov/health](http://nyc.gov/health) la epi chache “colon cancer” oubyen rele nan 311.

Mande pwofesyonèl swen sante w pou yon bwochi prevansyon kansè nan kolon.



Dokiman ki bay Enstriksyon: Li fòm la ankò, l ap pèmèt ou evalye risk pasyan an genyen pèsonèlman ak chwa tès depistaj li yo. Pasyan ki reponn “wi” pou tout kesyon ki anwo yo montre li an ba gwo risk pou li genyen maladi a; ale kot yon espesyalis pou li kapab ba ou konsèy sou tès depistaj yo. Pasyan ki reponn “non” pou tout kesyon ki konsène risk yo kapab pa an ba gwo risk pou yo genyen maladi a epi yo kapab kalifye pou chwa tès depistaj yo rekòmande yo.

# Diminye Risk ou Yo epi Chache fè tès pou kansè nan Kolon

## Ki sa kansè nan kolon an ye?

Kansè nan kolon (oubyen kansè kolorektal la) rive nan kolon an (gwo entesten) ak/oubyen nan pati final kolon an (rektòm). Se youn nan kansè ki touye plis moun nan mitan rezidan New York yo.

## Ki risk ou genyen pou w soufri maladi kansè nan kolon? Ki lè ou dwe kòmanse fè depistaj?

Verifye si w genyen risk se yon pa enpòtan nan tès depistaj kansè nan gwo trip la. Nou ankouraj pi fò granmoun ki pa gen risk pou yo koumanse fè depistaj kansè nan kolon an koumanse nan laj 45 lane. Gen kèk moun ki kapab bezwen pou yo fè tès despitaj pou yo pi bonè oswa pi souvan akoz kèk faktè risk yo genyen, tankou lè yo genyen yon antedesan kansè nan gwo trip oubyen lè yo genyen yon antedesan polip avan kansè nan fanmi yo. Di pwofesyonèl swen sante ou la si paran biyolojik ou yo, sè/frè ou yo, oswa pitit ou yo genyen oswa si yo te genyen kansè nan kolon oswa polip, kansè nan rektòm oubyen si yo te genyen nenpòt lòt kansè. Ou kapab ede yo pwoteje fanmi ou si ou pataje antedesan w sou kansè oswa si ou pataje antedesan w sou polip ak fanmi ou. Sa ap pèmèt yo konnen faktè risk yo epi ki lè pou yo al fè tès depistaj.

Menmsi ou genyen pi piti passe 45 lane, li enpòtan pou ou rekonèt sentòm kansè nan kolon yo epi li enpòtan pou ou konnen risk pèsonèl ou yo selon antedesan familyal ou. Pa inyore sentòm potansyèl maladi a kèlkeswa laj ou genyen an. Di pwofesyonèl swen sante ou la si ou genyen san nan poupou ou, si ou genyen vant fèmal oubyen doulè nan rektòm san rete, oubyen di li si w ap pèdi pwa san ou pa konnen sa ki fè sa. Kansè nan gwo trip ka pa lakoz ou santi sentòm yo touswit. Depik ou kalifye pou tès depistaj, ou dwe fè li menmsi ou santi ou an sante.

## Opsyon tès Depistaj pou yo kapab detekte Kansè nan kolon oubyen pou yo kapab Evite Kansè nan kolon.

Lè ou fè tès depistaj regilyèman sa kapab anpeche ou genyen kansè nan gwo trip oswa sa kapab pèmèt ou dekouvi li bonè ki se lè kote trètman yo souvan pi efikas la. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou sou opsyon depistaj ou genyen yo.

Opsyon tès depistaj pou kansè ki nan gwo trip ke Depatman sante vil New York (NYC Health Department) rekòmande yo se:

- ▶ Yon tès vizyèl ki ap chache tras kansè nan kolon ou oubyen nan rektòm ou.
  - **Kolonoskopi:** Yo foure yon ti tib ki genyen yon limyè ak yon kamera nan rektòm ou pou yo kapab chache polip
- ▶ Tès yo fè ak poupou\* pou yo kapab gade pou yo wè si genyen tras kansè nan poupou a (yo).
  - **Tès Iminochimik nan Poupou (Fecal immunochemical test, FIT):** Pasyan yo bay plizyè echantyon poupou ke yo teste pou yo gade si yo jwenn tras san
  - **Tès san ki nan poupou moun pa ka wè ak je ki fèt ak gayak ki sansib anpil (HSgFOBT, High-sensitivity guaiac-based fecal occult blood test):** Pasyan an bay plizyè echantyon poupou yo teste pou yo gade si yo jwenn tras san
  - **Tès ADN nan Poupou ki gen Plizyè Sib (FIT-DNA):** Pasyan an bay yon echantyon poupou yo ap teste pou yo gade si li pa genyen san ak ADN ki pa nòmal

\*Tès sa yo mande pou genyen yon suivi nan kolonoskopi pou moun ki genyen yon rezulta ki pa nòmal.

## Peman:

Pifò plan asirans, tankou Medicaid ak Medicare, kouvri tès depistaj kansè kolon yo. Sepandan, powteksyon asirans lan ka varye. Verifye ak pwofesyonèl swen sante w la epi ak konpayi asirans ou an pou w konnen si y ap kouvri depans yo anvan ou fè tès depistaj la.

Si ou pa gen asirans, ou kapab kalifye pou w resevwa nan yon asirans ki pa chè oswa ki gratis. Rele **311** Pou w ka enskri pou w jwenn èd gratis.

Si ou pa anmezi pou ou jwenn asirans, ou kapab kalifye pou yon tès depistaj ki abapri oubyen ki gratis. Ale sou sitwèb **nyc.gov/health** la epi chèche "**colon cancer**" pou w ka konn plis detay.